



Pou Biblikasyon Imedya: 10/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GEN 7.6 MILYON DOLA KI DISPONIB POU SIPÒTE AMELYORASYON NAN ABRI ANIMAL YO

*Yo te deja dedye 30 milyon dola otal pou pwogram lan jiska dat*

*Senkyèm faz Fon pou Pwojè Kapital pou Bèt Domestik la kontinye sipòte pwojè konstriksyon, renovasyon ak ekspansyon yo nan abri animal yo*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse plis pase 7.6 milyon dola ki disponib pou sipòte abri pou animal ak sosyete imanitè nan fè amelyorasyon empòtan nan refij pou bét yo nan New York. Sa a se senkyèm faz finansman pou Fon Kapital pou Bèt Domestik nan Eta New York la, premye pwogram eta finanse nan nasyon an pou founi pwojè amelyorasyon abri. Pwojè yo finanse yo pral amelyore swen bét yo epi ede asire moun adopte chen ak chat New York yo.

"Fon Kapital pou Bèt Domestik nou an te fè yon diferans reyèl pou abri atravè Eta New York, ak bét ke y ap pran swen yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen fyè pou m anonse dènye faz finansman sa a, ki pral kontinye batí sou gwo travay pwogram sa a, epi sa ki pi empòtan an ede bét nou yo rete kontan ak an sante pandan y ap tann kay k ap akeyi yo pou tout tan."

Anons jodi a pote total ki dedye nan pwogram lan nan plis pase 27.5 milyon dola depi 2017. Jiska dat nan kad pwogram lan, 58 pwojè te atribiye atravè eta epi 26 pwojè te fini nèt. An 2022, Gouvènè Hochul te enkli Fon Kapital pou Bèt Konpayi a nan Bidjè Egzekitif li pwopoze a, yon premye pou pwogram nan ak yon demonstrasyon angajman kontinyèl pou bét konpayi New York yo. Nan Bidjè Final Eta New York yo adopte pou Ane Fiskal 2023 a, pwogram nan te resevwa yon 8 milyon dola istorik pou pwochen etap li a.

Administre pa Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM), Fon Kapital pou Bèt Domestik la bay sibvansyon kontrepatti ak abri ak sosyete imanitè yo pou kapab redwi depans ki asosye ak pwojè kapital yo, tankou renouvle elvaj chen yo, amelyore etablisman medikal yo, oswa konstwi plis abri ki efikas pou kapab redwi depans operasyon yo. Yo kapab itilize sibvansyon yo pou konstwi, renove, reyabilite, oswa achte batiman oswa ekipman ki nesesè yo pou loje, trete, epi pran swen chen ak chat ki nan refij yo. Depatman an chwazi benefisyè sibvansyon yo dapre yon evalyasyon bezwen, yon deskripsyon detaye sou pwojè a, ak pri rezonab.

De Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposal, RFP) te pibliye nan 5èm faz pwogram sa a:

- **RFP 0289:**
  - 6.6 milyon dola disponib pou bay sibvansyon ant 50,000 dola ak 500,000 dola pou fouryè, refij ak sosyete imanitè san bi likratif minisipal ak enkòpore yo.
  - Antite ki te jwenn fon pandan opòtinite finansman Pwojè Kapital pou Bèt Domestik anvan yo elijib pou aplike pou yon prim nan kad RFP sa a. Pwojè ki te jwenn finansman anvan yo dwe fini anvan yon antite kapab aplike pou yon prim.
- **RFP 0290:**
  - 1 milyon dola disponib pou bay sibvansyon ant 50,000 dola ak 200,000 dola pou fouryè, refij oswa sosyete imanitè yo ke yon minisipalite p ap jere oswa ki pa gen kontra avèk li men ki anrejistre nan Depatman an.

**Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare**, "Depatman an te selebre finisman pwojè yo nan abri bêt atravè New York epi li te wè enpak pwogram Fon Kapital pou Bèt Domestik nou an. Atravè kat faz anvan yo, nou te ede chen ak chat nou yo gen sejou ki pi an sekirite, ak pi kontan nan abri yo pandan y ap tann kay k ap akeyi yo pou tout tan. Mwen fyè dèské mwen wè pwogram sa a kontinye fè yon diferans pou abri New York yo ak sosyete imanitè yo, epi mwen pa ka tann pou m vizite plis pwojè entèresan ki fini yo alavni."

**Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare**, "Abri bêt lokal nou yo se yon refij ki an sekirite pou bêt ki san defans yo, epi Fon Kapital pou Bèt Domestik la te jwe yon wòl enpòtan nan ede abri New York yo aplike pwojè amelyorasyon enpòtan pou yo ka sove plis bêt. Antanke Prezidan Agrikilti Sena a ak yon novo manman pou chat sovtaj, mwen bay anpil sipò nan abri bêt lokal nou yo epi mwen kontan dèské dènye seri sibvansyon sa a disponib kounye a pou ede kenbe bêt yo an sekirite pandan y ap tann kay k ap akeyi yo pou tout tan yo."

**Manm Asanble Donna Lupardo, ki se Prezidan Komite Agrikòl Asanble a (Assembly Agriculture Committee), te deklare**, "Fon Kapital pou Bèt Domestik la enpòtan pou ede refij yo fè amelyorasyon ki nesesè anpil yo. Nouvo enstalasyon, elaji oswa renove yo pral pèmèt òganizasyon sa yo kontinye bay bêt ki sanzabri yo pi bon kalite swen pandan y ap tann adopsyon nan kay k ap akeyi yo pou tout tan. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a ak kòlèg mwen yo dèské yo kontinye sipòte fon enpòtan sa a, ki sèvi kòm yon liy sovtaj pou òganizasyon sa yo k ap travay di ak bêt yo pou pran swen yo."

**Libby Post, ki se Direktris Egzekitif Federasyon Pwoteksyon Zannimo Eta New York lan, te deklare**, "Lè Fon Kapital pou Bèt Domestik la te kòmanse, nou te konnen li t ap fè yon diferans reyèl nan abri bêt yo atravè eta a. Avèk prim RFP sa a, New York pral investi 28 milyon dola pou amelyore lavi bêt domestik ki sanzabri ke yo ap pran swen nan yon

abri. Gouvènè Hochul te rekonèt enpòtans fon sa yo lè li te mete 5 milyon dola nan premye Bidjè Egzekitif li a. Defansè lejislatif nou yo, Manm Asanble Deborah Glick ak Senatè Eta Joe Addabbo, te òganize yon lòt 3 milyon dola atravè pwosesis bidjè yo nan chanm respektif yo. Faz sa a pral ajoute sou 51 abri yo ak yon pakèt bêt ki te deja benefisyé finansman enpòtan sa a epi yo pral kontribiye yon fason sinifikatif nan anrichi lavi moun nou pran swen chak jou yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418